



Pou Piblikasyon Imedya: 12/12/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN YON PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN
NAN PRI ABÒDAB KI GEN 576 INITE NAN BROOKLYN**

***Devlopman 387 milyon dola an fè pati Inisyativ Vital Brooklyn Eta a pou rezoud
disparite sante ak ekonomik nan Brooklyn Santral***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman Faz 1 Alafia, yon devlopman pou itilizasyon ki koute 387 milyon dola ki pral kreye 576 kay abòdab nan katye East New York nan Brooklyn. Pwojè a se premye faz yon plan sis faz pou redevlope ansyen kanpis Brooklyn Developmental Center la an plis pase 2,400 kay abòdab epi li fè pati Inisyativ Vital Brooklyn Eta a — yon pwogram devlopman kominotè konplè ki fèt pou adrese disparite sosyal, ekonomik ak sante nan Brooklyn Santral. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la te finanse prskeè 10,000 kay abòdab toupatou nan Brooklyn. Faz 1 Alafia kontinye efò sa a ak konplete Plan Lojman pou senkan 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

"Devlopman Alafia a se yon egzanp pwisan sou kijan nou ka transfòme tè eta ki pa byen itilize pou kreye kominote ki aktif e ki an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou konbine lojman abòdab, sèvis sipò, ak swen sante ki gen kalite siperyè nan yon sèl devlopman dirab, n ap bay kalite envestisman global ke Brooklyn Santral merite a. 576 nouvo kay sa yo reflekte angajman nou pou nou fè pwomosyon ekite nan domèn sante, elaji opòtinite lojman, epi bati yon Brooklyn ki pi solid e ki pi rezistan pou jenerasyon k ap vini yo."

Yo te bati Alafia Faz 1 sou sit Sant Devlopman Brooklyn nan, yon ansyen enstitisyon eta pou moun andikape. Kòm yon pati nan Inisyativ Vital Brooklyn lan, li entegre benefis lojman, sante, ak ekonomik pou kominote ki antoure a. Devlopman an elaji aksè ak swen sante prevantif avèk yon klinik ekstèn One Brooklyn Health ki gen 1,394 mètr kare (15,000 pye kare) k ap bay swen primè ak espesyalize, sèvis prelevman san ak pèfizyon, yon laboratwa sou plas, ak yon famasi. Yo te fòme konsepsyon ak pwogramasyon klinik la gras ak yon angajman kominotè an pwofondè pou asire ke sèvis yo satisfè bezwen espesifik rezidan lokal yo.

Devlopman ki totalman elektrik la gen ladan yon mikwo-rezo, yon sistèm jwotèmik pou chofaj ak refwadisman, enèji solè sou do kay la, sistèm rekiperasyon chalè dlo ize, yon do kay vèt, yon fèm iben, yon konpostatè sou plas, ak aparèy Energy Star. Karakteristik sa yo diminye depans sèvis piblik yo, diminye konsomasyon enèji, epi amelyore kalite lè andedan kay la. Genyen tou 725 mèt kare (7,800 pye kare) espas komèsyal pou ti biznis lokal yo, tankou yon makèt, sa ki amelyore ekonomi kominote a ak aksè ak manje fre.

Apatman yo disponib pou fanmi k ap touche jiska 80 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AM) nan.

Devlopman an gen ladan l 132 apatman sipò ki rezève pou moun ki kalifye ki gen maladi mantal oswa moun ki gen andikap devlopman. Services for the UnderServed (Sèvis pou Moun ki Defavorize) pral bay sèvis sipò sou plas epi y ap gen ladan yo kowòdinasyon swen, fòmasyon sou konpetans pou lavi chak jou, konsèy sou sante ak byennèt, sipò pou anplwa, ak sèvis sante mantal ki baze sou kominote a.

Devlopman an gen ladan l tou inite ki aksesib epi ekipe pou moun ki gen pwoblèm mobilite, ansanm ak pwoblèm tande ak vizyèl.

Pwojè a devlope pa L+M Development Partners, Services for the UnderServed, Apex Building Group, ak RiseBoro.

Finansman Eta pou Faz 1 Alafia an gen ladan l 38.1 milyon dola nan obligasyon pèmanan ki gen egzansyon fiskal, Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki Gen Revni Ba ki pral jenere 117.8 milyon dola nan fon pwòp, ak 174.9 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk ak Fon Envestisman Kominotè (Community Investment Fund) a. Devlopman an benefisye tou 946,000 dola nan finansman Inisyativ Enèji Pwòp, yon patenarya ant HCR ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la. NYSERDA te bay plis pase 850,000 dola an sipò pou sistèm solè sou twati kay atravè inisyativ NY-Sun Eta a. Pwojè a sipoze kalifye pou Kredi Enpo Solè ak Jewotèmik ki pral jenere 670,000 dola nan fon pwòp. Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta Nouyòk ap bay 430,000 dola nan yon Sibvansyon pou Devlopman Pwogram. Finansman operasyonèl pou inite sipò yo finanse atravè Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopman (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD) Eta Nouyòk la, epi tou finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la epi administre pa OMH. Sit pwojè a te pou Otorite Dòtwa Eta Nouyòk (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) la epi devlopè yo te akeri li.

An 2018, Empire State Development, an patenarya avèk Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk te pibliye yon Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou redevlope kanpis Brooklyn Developmental Center nan East New York pou fè l tounen yon kominote modèn, oryante sou byennèt pou itilizasyon mik. ESD te fasilite

pwosesis akizisyon an atravè Plan Direktè Pwojè li a, epi finalman li te chwazi yon ekip devlopman ki gen ladan Apex Building Company, L+M Development Partners, Services for the UnderServed, ak RiseBoro Community Partnership. Plan direktè pou redevlopman sis faz la te fèt pa Dattner Architects.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Premye faz Alafia a kenbe pwomès Inisyativ Vital Brooklyn lan lè li reyini lojman abòdab, sèvis sipò, swen sante, ak dirabilite nan yon kominote ki byen planifye. Devlopman sa a refleto plizyè ane angajman avèk rezidan lokal yo ak yon vizyon pataje pou yon East Nouyòk ki pi an sante e ki pi ekita. Nou rekonesan anve patnè nou yo nan OMH, OPWDD, One Brooklyn Health, ak tout ekip devlopman an pou angajman yo nan pwojè transfòmasyon sa a."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk, te deklare, "Faz sa a nan pwojè Alafia a ap bay kay ki an sekirite epi abòdab pou moun k ap viv ak maladi mantal ansanm ak sèvis sipò ki fèt pou asire ke yo viv epi pwospere nan kominote yo a. Finisman pwojè sa a refleto sipò kontinyèl Gouvènè Hochul pou pwogram tankou Inisyativ Lojman Sipò Empire State la, k ap elaji lojman sipò nan tout eta a."

Komisè Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmanal nan Eta Nouyòk la, Willow Baer, te deklare, "Transfòmasyon nou te kapab reyalize nan ansyen Sant Devlopman Brooklyn nan fè Nouyòk soti nan yon moman enstitisyonalizasyon pou rive nan libète pou viv yon endepandan ke Alafia pral bay la. Sa a se yon mak pwogrè ki fèt pandan senkant dènye ane yo pou enkli Nouyòkè ki gen andikap devlopmanal kòm manm respekte ak valab nan kominote nou yo. Mèsi Gouvènè Hochul paske li kontinye kreye opòtinite sa yo pou lojman abòdab e an sekirite ki pèmèt moun viv avèk diyite ak yon objektif."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Eta Nouyòk ap ede transfòme fason yo konstwi bilding yo lè li ankouraje itilizasyon dènye teknoloji efikasite enèji ak elektrifikasyon yo. NYSERDA fyè pou sipòte devlopman lojman abòdab Faz I Alafia ki fonksyone totalman elektrik la, ki bay yon eksperyans lavi modèn ak an sante pou rezidan Brooklyn yo tout pandan l ap kontribye tou nan tranzisyon ekita eta a nan direksyon yon ekonomi enèji pwòp."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development (ESD) lan, Hope Knight, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap pwouve ke devlopman lojman abòdab yo kapab yon katalizè pou yon transfòmasyon konplè nan kominote a. Faz 1 Alafia bay 576 nouvo kay ansanm ak sèvis sante esansyèl ak karakteristik dirab — kalite investisman global ki ranfòse katye yo epi kreye opòtinite dirab. Empire State Development fyè pou sipòte pwojè Inisyativ Vital Brooklyn sa a, ki adrese inegalite ki dire lontan yo epi ki bati yon avni ki pi ekita pou Brooklyn Santral."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Tout Nouyòkè merite aksè ak lojman ki an sekirite, men pandan twò lontan, opsyon lojman abòdab yo te ra nan yon gwo pati nan

vil la. Devlopman lojman Alafia a kreye nouvo lojman, swen sante, ak sèvis sipò ki nesèsè anpil nan Brooklyn epi li pral ede ranfòse kominote lokal la. Mwen fyè pou m sipòte pwojè sa a, epi m ap kontinye mete presyon pou nou ramne lajan federal nan Nouyòk pou finanse pwojè tankou sa a."

Lidè Demokrat Chanm lan, Hakeem Jeffries, te deklare, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul pou angajman li nan adrese kriz abòdablite a ki kontinye ap ravaje Nouyòkè yo, pandan Donald Trump ak Repibliken nan Chanm Reprezantan yo abandone devwa yo pou diminye depans yo. Kreyasyon 576 kay abòdab, etablisman swen sante ak aksè ak manje ki bon pou sante nan devlopman Faz 1 Alafia se yon investisman transfòmasyonèl nan bati yon East New York k ap pwospere. Mwen pa ka tann pou pwojè sa a fini ak etap k ap vini yo pou asire plis moun kapab peye pou rete nan pi gwo vil nan mond lan."

Senatè eta a, Roxanne J. Persaud, te deklare, "Finisyon Faz 1 Alafia a se yon gwo pa annavan pou East New York ak tout kominote nou an, li bay kay abòdab ki nesèsè anpil, sèvis sante esansyèl, ak opòtinite ekonomik reyèl kote ki pi nesèsè yo. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul ak patnè yo ki investi nan elaji aksè ak lojman ki gen kalite siperyè, sipòte solisyon ki oryante sou kominote a, epi investi nan sante ak byennèt rezidan nou yo."

Prezidan Minisipalite Brooklyn lan, Antonio Reynoso, te deklare, "Alafia se yon investisman esansyèl pou East New York — lojman abòdab, swen sante kalite siperyè, ak opòtinite, tout nan yon sèl kote. Avèk finisman faz 1 an ki pote lojman aksesib pou moun ki andikape ak enèji vèt pou sipòte depans sèvis piblik ki ba epi abòdab, Alafia ap fè efò pou satisfè bezwen moun Brooklyn yo nan yon fason ki siyifikatif. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li priyoreze yon pwojè ki mete fanmi yo an premye, epi anvè patnè kominotè nou yo ki bati ak kominote a nan lespri yo."

Chris Banks, yon Manm Konsèy Minisipal Vil Nouyòk, te deklare, "Finisman Faz 1 Alafia a se yon gwo viktwa pou East New York epi yon egzanp pwisan sou sa devlopman ta dwe ye lè nou mete bezwen yon kominote an premye. Pandan plizyè dizèn ane, sit sa a te senbolize izolasyon ak dezinvestisman — men jodi a, li reprezante opòtinite, sante, ak abòdablite pou fanmi ki rele katye sa a lakay yo. Antanke Manm Konsèy pou 42è Distri a, mwen fyè pou m wè yon pwojè ki pote plis pase 570 kay abòdab, yon klinik swen sante ki ofri tout sèvis, lojman sipòtif, ak enfrastruktir vèt ak dirab dirèkteman nan yon kominote yo te neglije pandan lontan. Se kalite investisman sa a rezidan nou yo merite. Nou merite lojman ki diy, ki totalman abòdab, ki responsab sou plan anviwònmanal, epi ki konstwi ak konpreyansyon ke establi ak byennèt mache men nan men. Alafia refilete angajman pataje nou pou adrese kriz lojman an, elaji aksè ak swen sante prevantif, epi kreye yon avni ki pi solid ak pi an sante pou East New York. Mwen pa ka tann pou m kontinye travay avèk Eta a, ekip devlopman an, epi — sa ki pi enpòtan an — kominote nou an, pou asire ke pwochen faz pwojè sa a bay menm nivo swen, inovasyon, ak ekite pou moun nan distri sa a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Serviced for the Underserved, Perry Perlmutter, te deklare, "Alafia reprezante yon pwomès yo respekte pou bay Nouyòkè yo non sèlman lojman, men tou opòtinite, diyite, ak yon fondasyon pou yon lavi ki pi an sante. Avèk ouvèti Faz I an, plizyè santèn moun ak fanmi pral gen yon kay ki an sekirite e ki estab, ki konstwi selon pi wo estanda dirabilite yo, epi aksè ak swen sante ak ekipman kominotè sou plas. Se sa li vle di pou w bati pou lavni."

Direktè Egzekitif Jeneral L+M Development Partners la, Lisa Gomez, te deklare, "Jodi a nou selebre ouvèti premye faz Alafia a, yon kominote inik ki pral sèvi kòm yon egzanp sou kijan yo ta dwe bati kay abòdab, avèk dirabilite kòm gid nan konsepsyon an depi nan kòmansman an.

Nou fyè pou nou wè vizyon sa a rejwenn lavi epi li vin tounen yon kay pou moun nan kominote a ki pi bezwen li yo, ak yon objektif pou amelyore rezilta sante ak kenbe kominote yo ini. Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip li e mèsi a patnè nou yo ki te pèmèt pwojè sa a reyalize."

Direktè Egzekitif Jeneral Apex Building Group, Lee Brathwaite, te deklare, "Apex Building Group fyè pou selebre inogirasyon premye faz Alafia a, yon investisman transfòmasyon nan avni East New York Brooklyn. Nou kwè ke lojman ki gen kalite siperyè, abòdab, ak katye ki vivan e ki an sante mache men nan men. Lè nou travay kòt a kòt ak tout patnè nou yo ak moun ki gen enterè nan kominote a, nou rive delivre kay abòdab ki ankouraje yon kominote byennèt tout pandan n ap kreye nouvo opòtinite pou fanmi k ap viv isit la jodi a ak pou jenerasyon k ap vini yo."

PDG RiseBoro Community Partnership, Kieran Harrington, te deklare, "Nan RiseBoro, nou kwè ke yon kay plis pase kat kwen mi — li se aksè ak swen, opòtinite ak kominote. Alafia enkane vizyon sa a. Lè pwojè sa a entegre sèvis sipò, swen sante, espas vèt ak konsepsyon dirab, li ofri rezidan yo estabilite yo merite epi li kreye kondisyon pou yon kominote k ap pwospere. Nou fyè pou nou mete tèt ansanm ak patnè nou yo pou pote modèl transfòmasyon sa a pou amelyore fanmi East New York yo jodi a ak pou jenerasyon k ap vini yo."

Direktris Egzekitif Jeneral One Brooklyn Health, Sandra Scott, te deklare, "Patenarya sa a avèk Alafia se yon egzanp kijan sante, lojman ak opòtinite ekonomik ka reyini ansanm pou konstwi kominote ki pi solid ak pi an sante. Se yon modèl sou kijan nou ka reimajine investisman piblik pou kreye chanjman dirab nan lavi Nouyòkè yo."

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi vivab pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 yo Adopte a, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks, finansman kapital, ak nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyetè kay yo. Baze sou angajman sa a, Bidjè Ane Fiskal 2026 yo Adopte a gen ladan l plis pase 1.5 milya dola nan nouvo finansman Eta pou lojman, yon pwogram pilòt Kupon Aksè ak Lojman, ak nouvo règleman pou amelyore abòdablite pou lokatè ak achtè kay yo. Mezi sa yo konplete Plan Lojman senk ane Gouvènè a, ki koute 25 milya dola, ki

enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2023 yo Adopte a, pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon 50,000 kay anplis. Yo te kreye oswa konsève prèske 70,000 jiska dat.

Bidjè yo te adopte pou ane fiskal 2025 ak 2026 yo te ranfòse tou Pwogram Kominote an Favè Lojman Gouvènè a — ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè Eta a. Kounye a, plis pase 380 kominote resevwa sètifikasyon an Favè Lojman, enkli Vil Nouyòk.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)